

Deklarasyon Enpak Ekite pou Pwogram Reparasyon Akselere 2022 a

Tit la : Deklarasyon Enterè Pwogram Reparasyon Akselere MSBA 2022 a

Dat la : 16 mas, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ? Wi Non

Si repons la se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit : _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? X Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònmman
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Chak ane, Lekòl Piblik Boston (BPS) soumèt divès pwopozisyon bay Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la (MSBA) pou Pwogram Reparasyon Akselere a (ARP). Pwogram sa a pèmèt reparasyon divès sistèm bilding demode, tankou twati, aparèy chofri, ak fenèt. Ekip Finans, Operasyon, ak Enstalasyon BPS yo, an kolaborasyon avèk Depatman Enstalasyon Piblik Vil Boston an, rekòmande pwojè ARP suivan yo sou baz egzaminasyon divès kondisyon bilding yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Aparèy chofri nan lekòl Burke High, Curley, Haley Pilot, ak Warren Prescott ; ● Twati nan lekòl Henderson Upper ak Ohrenberger ; ak ● Twati ak fenèt nan lekòl segondè English High School. <p>Reparasyon sa yo anvizaje asire sekirite bilding nou yo pou elèv yo ak manm pèsònèl yo, epi nou aranje yo nan lòd priyorite sèlman selon ijans reparasyon nesèsè yo.</p> <p>Ekip planifikasyon pou pwojè sa a enkli Nathan Kuder, David Bloom, ak Katie Kline nan depatman Finans (Finance) ; Indira Alvarez, Teresa Neff-Webster, ak Amy Shan nan depatman Operasyon (Operations) ; Brian Forde nan depatman enstalasyon BPS (BPS Facilities) ; ak Kerrie Griffin nan depatman Enstalasyon Vil Boston (City of Boston Facilities). Ekip sa a reprezante, an pati, demografik elèv Lekòl Piblik Boston yo.</p>
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Amelyorasyon kalite enstalasyon nou yo aliyen konplètman avèk Priyorite Plan Stratejik 4.4 la, ki di : "Fè sifizan pwogrè avèk BuildBPS pou kreye divès espas ekitab, sekirite, 21yèm syèk pou ankadre elèv yo..."</p>
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Nou te egzamine divès done sou laj sistèm bilding yo ak dire itilite yo, selon gidans Deklarasyon Enterè MSBA la.</p>
<p>4. Angajman Pati Enterese yo <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Byenke nou pa t angaje spesifikman avèk elèv yo ak fanmi yo konsènan pwojè sa a, divès patisipan nan plizyè reyinyon kominotè nan ane resan yo ki te anrapò avèk BuildBPS ak lòt divès priyorite arive mete aksan sou nesèsite ijan pou amelyorasyon kondisyon bilding yo.</p>

<p>5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Pwojè sa yo asire ke elèv Lekòl Piblik Boston yo fè pati bonjan kalite anviwònman aprantisaj ke yo merite.</p> <p>Ekip BuildBPS la ap kontinye planifye pou l amelyore e ranplase divès sistèm ak bilding pou asire sekirite, avanse ekite, e soutni aprantisaj elèv yo.</p>
<p>6 Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki idantite gwoup yo ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Pwojè sa yo ap finansye avèk fon kapital Vil Boston yo ak ranbousman MSBA la.</p> <p>Lekòl Piblik Boston ap fè yon demann pou fon sa yo aktyèlman. Si toutfwa yo apwouve, n ap mete yon ekip enplemantasyon ansanm.</p>
<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Divizyon Operasyon an ap lanse yon Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon pou dokimante kondisyon aktyèl bilding BPS yo pi byen epi, avèk letan, l ap dokimante amelyorasyon yo. N ap ajoute evalyasyon an sou sit entènèt distri a dekwa pou piblik la kapab jwenn aksè nan enfòmasyon yo. Lidèchip divizyon Operasyon an ap responsab pou yo kolekte enfòmasyon, e pou yo asire ke yo kontinyèlman ajou e pibliye.</p>